

## **RIWAYAT HIRUP**



Sim kuring gumelar ka alam dunya téh ping 13 Juli 1995 di Kp. Sukasari RT. 04 RW. 12 Kel. Baros Kec. Cimahi Tengah Kota Cimahi. Dingaranan Naufal Julian Rizki, minangka putra ka hiji ti Bapa Tatang Rukmana sareng Mamah Romsiah.

Sim kuring nyuprih pangarti di SD Negeri Brimob taun 2001-2007, MTS Nurul Falah taun 2007-2010, jeung SMAN 4 Cimahi taun 2010-2013. Satutas tamat ti SMA, tuluy nuluykeun kuliah di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Universitas Pendidikan Indonesia (UPI) taun 2013, turta ayeuna taun 2017 baris ngaréngsékeun kuliah, mudah-mudahan lalampahan nyiar élmu téh bisa mangpaat dunya ahérat.

Pangalaman salila kuliah, sim kuring kungsi jadi subid humas jeung publikasi di Hima Pensatrada periode 2015-2016. Tuluy di KEMA FPBS kungsi kapeto jadi pupuhu bidang minat jeung bakat, sanajan teu boga bakat ogé nya dijalanan wéh hahaha. Mugia naon-naon nu geus dilakonan jadi mangpaat, umumna keur balaréa, khususna keur sim kuring.